

Chè paran,

Listwa kòmanse jodi a!

Samdi 1ye me sa a, pou premye fwa paran yo gen kapasite pou fè enpak dirèk nan kominote lekòl nou an lè yo vote nan eleksyon konsèy edikasyon yo.

Pou vote, w ap bezwen yon Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) ki gen omwen yon elèv anrejistre ladan. Si w pa gen yon kont, [klike la a pou kreye yonn](#). Si w bezwen èd pou kreye yon kont, tanpri reponn imèl sa a epi m ap gide w nan pwosesis la.

Konsèy edikasyon pou kominote ak vil (Community and Citywide Education Councils, CCEC) yo bay paran yon vwa djanm nan edikasyon vil Nouyòk. Vote nan eleksyon sa yo ba w opòtinite pou ede deside kòman pou yo itilize vwa sa a.

Avèk respè,

Kowòdonatè paran lekòl ou a